

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWÒNMAN FIZIK SYANS LATÈ

Vendredi 23 Janvyè 2026 — 9:15 jiska 12:15 p.m., sèlman

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Sèvi ak konesans ou nan syans Latè pou reponn tout kesyon ki nan egzamen sa a. Anvan ou kòmanse egzamen sa a, yo dwe ba ou *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè*. W ap bezwen tablo referans sa yo pou reponn kèk nan kesyon yo.

Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan tout pati egzamen sa a. Ou ka itilize papye bouyon pou ou chèche repons pou kesyon yo, men ou dwe ekri repons ou yo sou fèy repons ou ak nan ti liv repons ou an. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati A ak Pati B-1. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ekri repons ou yo pou kesyon Pati A ak Pati B-1 ki gen repons ochwa sou fèy repons ki apa a. Ekri repons ou yo pou kesyon ki nan Pati B-2 ak Pati C nan ti liv repons apa w la. Pa bliye ranpli antèt ki sou kouvèti ti liv repons lan.

Ou fèt pou ekri tout repons nan ti liv repons ou an avèk plim, sof pou graf ak desen yo ou kapab fè avèk kreyon.

Lè w fini fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime sou fèy repons apa ou, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an epitou, ou pa t ni bay poul ni pran poul pou reponn nenpòt nan kesyon yo pandan egzamen an. Yo p ap aksepte fèy repons ou an, ni yo p ap pran ti liv repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Avi ...

Yon kalkilatis a kat fonksyon oswa yon kalkilatis syantifik, ak yon kopi *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè* dwe disponib pou w itilize pandan w ap fè egzamen sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA A.

Pati A

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–35): Pou *chak* deklarasyon oswa kesyon, chwazi mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an. Gen kèk kesyon ki ka mande pou sèvi ak *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè*. Ekri repons ou yo sou fèy repons apa ou a.

- 1 Konsèp ki esplike ke planèt yo vwayaje toutotou Solèy la nan òbit ki pa sikilè pi byen esplike pa
 - (1) Teyori Big Bang
 - (2) Teyori Plak Tektonik
 - (3) modèl jeyosantrik
 - (4) modèl elyosantrik
- 2 Tablo ki pi ba a montre lè lamare oseyan an wo ak lè lamare ba pandan yon sèten dat nan yon kote nan Massachusetts.

Lamare Oseyan yo

Kalite Lamare yo	Lè
ba	12:18 a.m.
wo	7:08 a.m.
ba	1:08 p.m.
wo	7:49 p.m.

A ki lè pwochen lamare an ta ka rive nan kote sa a?

- (1) 1:49 a.m. (3) 8:29 a.m.
 - (2) 1:49 p.m. (4) 8:29 p.m.
- 3 Ki pwosesis ki pwodui enèji Ki konbine eleman ki lejè pou fòme eleman ki pi lou (tankou idwojèn ki vin tounen elyòm) ki fèt andedan Solèy la?
 - (1) degradasyon radyoaktif (3) kondansasyon
 - (2) fizyon nikleyè (4) degajman gaz
 - 4 Ki faktè ki fè mouvman pandil Foucault a parèt tankou li ap chanje direksyon sou yon peryòd tan?
 - (1) Wotasyon Latè sou aks li
 - (2) Revolisyon Latè toutotou Solèy la
 - (3) Enklinezon 23.5° aks Latè
 - (4) atraksyon gravitasyonèl lalin nan

- 5 Foto tan ekspozisyon an montre file zetwal nan yon pati nan syèl la lannuit, jan yo wè li depi yon kote Ozetazini.




Sous: astro.unl.edu/naap/motion2/starpath.html

Nan ki direksyon kamera a te pwente lè yo te fè foto sa a?

- (1) lès (3) nò
 - (2) lwès (4) sid
- 6 Yo kwè premye atmosfè Latè a se rezilta
 - (1) degajman gaz ki soti anndan Latè a
 - (2) mouvman plak tektonik
 - (3) konveksyon nan nwayo ekstèn Latè a
 - (4) dezentegrasyon izotòp radyoaktif





7 Dyagram ki pi ba a montre yon pozisyon Latè a nan òbit li toutotou Solèy la ak 12 konstèlasyon yon moun ka wè nan syèl lannuit depi Eta Nouyòk .



Ki deklarasyon ki pi byen esplike poukisa gen kèk konstèlasyon ou *pa* ka wè nan syèl lannuit nan Eta Nouyòk pandan kèk moman nan ane a?





- (1) Latè a ap vire sou aks li.
- (2) Konstelasyon yo vire sou aks yo.
- (3) Latè a fè òbit toutotou Solèy la.
- (4) Konstelasyon yo fè òbit toutotou Latè.

8 Ki dyagram ki montre byen jan aks encline Latè a pozisyon an rapò ak Solèy la pandan Latè a ap fè revolisyon toutotou Solèy la?




(Pa trase selon echèl)

9 Ki modèl estasyon meteyo ki reprezante kòrèkteman yon kote syèl la kouvri ak nyaj kote lapli ap farinen, epi vizibilite a se yon ka mil?



10 Dyagram ki pi ba a reprezante sik dlo a. Lèt A identifiye youn nan pwosesis ki rive nan sik dlo a.



Pwosesis lèt A reprezante a enplike

- (1) 334 J/g enèji tèmik nesèsè pou transfòmè dlo an vapè
- (2) 334 J/g enèji tèmik ki libere nan dlo lak la
- (3) 2260 J/g enèji tèmik nesèsè pou transfòmè dlo an vapè
- (4) 2260 J/g enèji tèmik ki libere nan dlo lak la

11 Apeprè 90 % ozòn nan atmosfè a lokalize l nan estratosfè a. Nan ki entèval altitud kouch ozòn sa a lokalize?

- (1) ant 0 km ak 10 km
- (2) ant 12 km ak 50 km
- (3) ant 50 km ak 75 km
- (4) ant 80 km ak 120 km

12 Nan dat 21 mas, dire reyon solèy klere nan Albany nan Nouyòk se apeprè 12 èdtan. Chak jou pandan pwochen sis mwa yo, dire reyon solèy klere nan Albany ap

- (1) diminye
- (2) ogmante
- (3) diminye apres a ogmante
- (4) ogmante apres a diminye

13 Foto ki pi ba a montre Chimborazo, yon vòlkan nan Amerik di Sid, ki sitiye toupre ekwatè a.



Sous: <http://www.alpineinstitute.com/catalog/ecuador-chimborazo-climb/>

Ki faktè klimatik ki responsab pou nèj sou vòlkan sa a?

- (1) latitud ba
- (2) elevasyon ba
- (3) latitud wo
- (4) elevasyon wo

14 *Pi ba* absòpsyon enèji solèy fèt sou sifas ki

- (1) fons epi lis
- (2) fons epi graj
- (3) pal epi lis
- (4) pal epi graj


15 Poukisa tanperati ete ak ivè yo varye plis nan mitan Eta Nouyòk pase sou Long Island?

- (1) Long Island gen yon pi wo pousantaj ibanizasyon.
- (2) Long Island antoure ak yon gwo mas dlo.
- (3) Sant Eta Nouyòk gen elevasyon ki pi wo.
- (4) Sant Eta Nouyòk resevwa plis solèy.

16 Kantite egal de ki matyè nan tanperati anbyan k ap pran pi gwo ogmantasyon tanperati apre yo ajoute 100 joul chalè?

- (1) bazalt
- (2) kuiv
- (3) granit
- (4) dlo

17 Foto ki pi ba a se yon imaj satelit yon pati nan Emisfè Nò a.




Sous: https://www.star.nesdis.noaa.gov/goes/conus_band.php?sat=G16&band=02&length=12

Rejyon an blan sou imaj sa a endike yon zòn


- (1) ki kouvri ak nyaj
- (2) ki kouvri ak nèj

- (3) presyon wo
- (4) sifas inonde


18 Ki kat ki pi byen montre pozisyon Latè te genyen, selon enfòmasyon yo, lè premye resif koray yo te fòme?




(1)



(3)



(2)



(4)

19 Foto ki pi ba a montre yon seri kouch wòch ki fòme sou sifas tè a.




Sous: <https://dec.vermont.gov/geological-survey/about/current-projects>


Ki prèy foto a montre ki endike te gen mouvman defòmasyon kwout ki te fèt?

- (1) Yo montre yon varyete gwosè sediman.
- (2) Kouch wòch yo gen diferan epesè.
- (3) Yo jwenn yon forè pyebwa anwo seri kouch wòch ki fòme sou sifas tè a.
- (4) Kouch wòch yo pa orizontal ankò.


20 Dyagram blòk ki pi ba a montre kèk nan jewoloji kouch wòch yo ak rejyon peyizaj nan Eta Virginia ak West Virginia.




Ki modèl drenaj rivyè ki pi gen chans devlope nan rejyon Valley and Ridge nan Virginia?




(1)



(2)



(3)



(4)

21 Nan tout tan jewolojik la, ki gwoup òganis ki nan lis ki anba a ki te egziste pandan peryòd tan ki te pi kout la?

- (1) zwazo
- (2) dinozò
- (3) moun
- (4) pwason plakodèm

22 Ki endis fosil yo jwenn nan sifas kouch wòch Eta Nouyòk ki ta ka klase kòm yon trilobit epòk Kanbriyen?

- (1) *Elliptocephala*
- (2) *Cryptolithus*
- (3) *Centroceras*
- (4) *Phacops*

23 Fòm lavi ki konsève nan dosye fosil yo montre kijan òganis yo vin pi konplèks atravè tan jewolojik la. Modèl fosil sa a bay prèv pou

- (1) plak tektonik yo
- (2) migrasyon zannimo
- (3) evolisyon lavi
- (4) distribisyon jeneralize lavi

24 Dènnye ranvèsman poto mayetik Latè yo te rive sa gen apeprè 780,000 ane. Prèv sou sifas Latè pou fenomèn sa a ta twouve sou

- (1) seri kouch wòch bazaltik yo jwenn toutolon Chèn Medyo-Atlantik
- (2) seri kouch wòch metamòfik an Ostrali
- (3) depo sèl ak jips yo jwenn nan Tè ki ba nan Erie-Ontario
- (4) depo sab ak ajil toutolon kot lwès Etazini

25 Kouran konveksyon ki fè plak litòsferik Latè yo deplase fèt nan

- (1) manto plastik la nwayo
- (2) manto rèd la nwayo
- (3) nwayo ekstèn
- (4) nwayo entèn

26 Konpare ak dansite ak epesè kouch kontinantal la, kouch oseyanik la

- (1) pi founi e pi epè
- (2) pi founi e pi fen
- (3) mwens founi e pi epè
- (4) mwens founi e pi fen

27 Glisman tè pi souvan rive nan rejyon ki gen yon

- (1) ti kantite lapli ak pant ki fèb
- (2) ti kantite lapli ak pant ki apik
- (3) gwo kantite lapli ak pant ki fèb
- (4) gwo kantite lapli ak pant ki apik


28 Teksti vesikilè a sèvi pou dekri

- (1) wòch metamòfik ak wòch galèt ki defòme
- (2) wòch vòlkanik ak pòch gaz
- (3) wòch metamòfik ak kristal mika an plak
- (4) wòch vòlkanik ki lis e ki kristal

29 Ki karakteristik ki ta ka pi itil pou distenge grafit ak mayetit?

- (1) ekla
- (2) koulè
- (3) sekans
- (4) rezistans

30 Foto ki pi ba a montre yon echantyon wòch gneiss.



Ki teksti ak dimansyon grenn wòch gneiss?

- (1) ti kouch ki mens ak ti grenn
- (2) ti kouch ki mens ak gwo grenn
- (3) pa gen ti kouch ki mens ak grenn fen
- (4) pa ti kouch ki mens and gwo grenn

31 Ki tablo ki pi byen dekri kategori peyizaj la ak estrikti jeneral, kalite, ak konpozisyon kouch wòch yo nan Old Forge, Nouyòk?

Kategori Peyizaj	rejyon plato
Estrikti kouch wòch	orizantal
Kalite kouch wòch	sedimantè
Konpozisyon kouch wòch	wòch kalkè, wòch sedimantè, wòch sab

(1)

Kategori Peyizaj	rejyon mòn
Estrikti kouch wòch	pliye
Kalite kouch wòch	metamòfik
Konpozisyon kouch wòch	wòch gneiss, kwatzit, mab

(3)

Kategori Peyizaj	rejyon mòn
Estrikti kouch wòch	orizantal
Kalite kouch wòch	metamòfik
Konpozisyon kouch wòch	wòch ak venn, kwatzit, mab

(2)

Kategori Peyizaj	rejyon plato
Estrikti kouch wòch	pliye
Kalite kouch wòch	sedimantè
Konpozisyon kouch wòch	wòch kalkè, wòch sedimantè, wòch sab

(4)

32 Imaj satelit ki pi ba a montre yon pati nan yon rivyè pandan l ap antre nan oseyan an.



Sous: <https://www.tinyurl.com/yas5hpw5>

Ki fòm teren ki fòm kote rivyè sa a antre nan oseyan an?


(1) delta

(3) chèn lak kettle

(2) glisman teren

(4) chèn lak Finger

33 Foto ki anba a montre yon seri fant long, paralèl sou soubasman ki ekspoze nan Vil Nouyòk.




Sous: <https://hudsonvalleygeologist.blogspot.com/2011/03/umpire-rat-rock-in-central-park.html>

Gwo wòch ki te fòme fant ki nan mas wòch yo te

- (1) depo sou seri kouch wòch nan fon yon rivyè
- (2) woule sou seri kouch wòch sou pant mòn pandan yon glisman teren
- (3) deplase sou seri kouch wòch ki nan fon yon rivyè
- (4) trennen sou seri kouch wòch nan fon yon glasye

34 Kat ki anba a montre gwo zòn kote dlo koule nan Eta Nouyòk . Lèt A rive K reprezante chak zòn kote dlo rasanble separeman.



Ki tablo ki montre zòn dlo pou Rivyè Mohawk ak Rivyè Susquehanna?

Rivyè	Basen vèsan
Mohawk	I
Susquehanna	B

(1)

Rivyè	Basen vèsan
Mohawk	J
Susquehanna	H

(3)


Rivyè	Basen vèsan
Mohawk	B
Susquehanna	I

(2)

Rivyè	Basen vèsan
Mohawk	H
Susquehanna	J

(4)

35 Foto ki anba a montre yon wòch ki gen fòm vout nan Saratoga Springs, Nouyòk. Vout wòch la se travètin, yon kalite kalkè.



Ki mineral ki fòme pi fò pati nan travètin nan?

(1) kristal wòch

(3) alit

(2) kalsit


(4) talc

Pati B-1

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (36–50): Pou *chak* deklarasyon oswa kesyon, chwazi mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an. Gen kèk kesyon ki ka mande pou sèvi ak *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè*. Ekri repons ou yo sou fèy repons apa ou a.

Sèvi ak dyagram ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 36 rive nan 38.



Dyagram nan montre yon enstriman metewolojik ki sèvi pou mezire imidite relatif ak pwen lawouze.

36 Ki enstriman metewolojik yo montre?

- (1) anemomèt
- (2) sikwomèt
- (3) bawomèt
- (4) plivyomèt

37 Daprè lekti tanperati yo ki parèt, ki pwen lawouze a?


- (1) 5°C
- (2) 12°C
- (3) 17°C
- (4) 63°C

38 Ki kondisyon ki ta egziste si imidite relatif la ta 100 %?

- (1) Tanperati tèmomèt sèk ta pi ba pase tanperati tèmomèt ki ka yon twal mouye.
 - (2) Tanperati tèmomèt sèk ta menm ak tanperati tèmomèt ki ak twal mouye a.
 - (3) Tanperati tèmomèt ki ak billb mouye ta pi ba pase 0°C, epi tanperati tèmomèt sèk ta pi wo pase 0°C.
 - (4) Tanperati tèmomèt ki ak twal mouye ta pi ba pase 20°C, epi tanperati tèmomèt sèk ta pi wo pase 20°C.
-

Sèvi ak pasaj ak kat ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 39 rive 42. Kat la montre fon lanmè a ak kote sèt zile vòlkanik ki make A rive G sou Plak Sandwich la. Liy limit plak tektonik yo endike sou kat la. Yon limit plak make X.

Plak Sandwich la se youn nan pi piti plak tektonik sou Latè. Gen plizyè zile vòlkanik ki chita nan lwès South Sandwich Trench la. Akòz kote yo ye, pifò nan zile yo kouvri ak glasye. Chèn zile vòlkanik sa yo se rezilta yon pwosesis sedimantasyon. Paske zile yo soti nan aktivite vòlkanik, plis pase 70% nan tè yo fèt ak bazalt ki sòti nan koule lav. Gen yon sant ekspansyon ki chita nan lwès zile sa yo.



39 Ki plak tektonik k ap deplase yon plak anba Plak Sandwich la?

- (1) Plak Sid Ameriken
- (2) Plak Afriken
- (3) Plak Antaktik
- (4) Plak Scotia

40 Ki tip limit plak ki reprezante pa lèt X?

- (1) konvèjan
- (2) Konplèks oswa ensèten
- (3) divèjan
- (4) transfòmasyon


41 Yo jwenn peridotit tou ekspoze sou kote kèk nan zile vòlkanik yo. Kijan wòch sa a diferan de bazalt ki fòme 70% nan zile yo?

- (1) Bazalt gen plis olivin pase peridotit.
- (2) Bazalt gen plis kristal wòch pase peridotit.
- (3) Peridotit fòme deyò tè a, tandiske bazalt fòme anndan tè a.
- (4) Peridotit fòme anndan tè a, tandiske bazalt fòme deyò tè a.

42 Ki non ak tanperati relatif kouran oseyan ki koule nan sid Plak Sandwich la?

- (1) Kouran cho Brezil
 - (2) Kouran frèt Brezil
 - (3) Kouran cho Sikonpolè Antaktik
 - (4) Kouran frèt Sikonpolè Antaktik
-

Sèvi ak kat ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 43 ak 44. Kat la montre yon pati nan Amerik Dinò, ki gen ladan l pati Kanada ak Etazini. Zòn ki bife sou kat la montre fizyo orè kontinan Amerik Dinò a. Chif ki nan chak fizyo orè montre diferans èdtan lè yo konpare ak lè sou Meridyen Prensipal la. Kèk vil make sou kat la.



43 Lè li 3:00 p.m. Anchorage, Alaska, ki lè li ye Dallas, Texas?

- | | |
|---------------|----------------|
| (1) 6:00 a.m. | (3) 12:00 midi |
| (2) 9:00 a.m. | (4) 6:00 p.m. |

44 Apati de ki de vil yo ka obsève Polaris prèske nan menm ang anwo orizon nò a?

- | | |
|---------------------------|------------------------|
| (1) Dallas ak Savannah | (3) Pueblo ak Savannah |
| (2) Regina ak Springfield | (4) Winnipeg ak Dallas |

Sèvi ak tablo done ki pi ba a ki dekri dis zetwal ki parèt pi klere lannwit nan syèl la sou Eta Nouyòk pou reponn kesyon 45 rive 47. Yo klase zetwal yo selon jan yo parèt klere pou je moun san okenn aparèy, soti nan 1 (pi klere) rive 10 (pi fèb). Distans yo mezire an ane limyè depi Latè. Yon ane limyè se distans limyè vwayaje pandan yon ane.

Dis zetwal ki pi klere nan syèl lannwit nan Eta Nouyòk

Klas	Non Zetwal la	Nivo Limyè (pa rapò ak Solèy)	Distans (ane limyè)	Tanperati Sifas (K)
(pi briye) 1	Siriyis	27	8,6	9500
2	Aktiris	298	36.7	4106
3	Vega	61	25.3	8912
4	Capella	162	42.2	5419
5	Rigel	51,194	777	9076
6	Procyon	7.5	11.6	6500
7	Beteljez	58,980	429	3488
8	Altair	12	16.8	7757
9	Aldebaran	1080	65	3406
(pi fèb) 10	Antares	387,000	604	2776

45 Ki zetwal ki parèt wouj lè w ap gade l san aparèy?

- (1) Vega
- (2) Procyon
- (3) Altair
- (4) Antares

46 Sou baz entansite limyè ak tanperati li, zetwal Capella ta klasifye antanke yon


- (1) sekans prensipal
- (2) ti zetwal blan
- (3) jeyan
- (4) sipè jeyan

47 Lè w gade l depi Latè, poukisa Aktiris parèt pi klere pase Beteljez?


- (1) Aktiris pi cho ak pi lwen Latè pase Beteljez.
- (2) Aktiris pi cho ak pi pre Latè pase Beteljez.
- (3) Aktiris pi frèt ak pi lwen Latè pase Beteljez.
- (4) Aktiris pi frèt ak pi pre Latè pase Beteljez.

Sèvi ak kat ak dyagram ki pi ba a ak konsepsyon ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 48 rive nan 50. Zetwal (★) sou kat la montre kote episant tranbleman tè a te fèt nan Zile Britanik yo, 28 Avril 2007. Dyagram nan reprezante sismogram ki montre lè vag *P*- ak *S*yo rive, jan yo te anrejistre tranbleman tè sa a nan twa kote diferan.

Sit Tranblemanntè 28 avril 2007



Seyismogram Tranblemanntè 28 avril 2007 ki sòti nan Twa Estasyon



48 Ki latitud ak lonjitud episan tranblemandtè sa a?

- (1) 51° N, 1° E
- (2) 51° N, 1° W

- (3) 1° N, 51° E
- (4) 1° N, 51° W

49 Dapre seyismogram yo, ki lis ki montre twa kote yo sòti pi pre episan tranbleman tè a rive pi lwen episan lan?

- (1) Edinburgh → Poole → Hertford
- (2) Edinburgh → Hertford → Poole

- (3) Hertford → Poole → Edinburgh
- (4) Hertford → Edinburgh → Poole

50 Gen plis tranbleman tè ki fèt nan Iceland ak sou kòt lwès Etazini pase nan Zile Britanik yo paske Iceland ak kòt lwès Etazini


- (1) yo twouve yo sou limit plak yo, tandiske Zile Britanik yo pa sou limit plak yo
 - (2) yo pi pre astenosfè a pase Zile Britanik yo
 - (3) gen mwens zòn fay pase Zile Britanik yo
 - (4) gen mwens seri kouch wòch vòlkanik pase Zile Britanik yo
-

Pati B-2

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a


Enstriksyon (51–65): Ekri repons ou yo nan espas yo bay nan ti liv repons ou an. Gen kèk kesyon ki ka mande pou sèvi ak *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè.*

Sèvi ak dyagram ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 51 rive nan 53. Dyagram nan reprezante yon pati nan sistèm solè nou an. Solèy la (**S**) ak òbit kat planèt make sou dyagram nan. Komet Halley (☄) parèt nan perihelion, ki se pwen ki pi pre Solèy la. Trajè Komet Halley make sou dyagram nan tou. Lèt A reprezante yon lòt pozisyon nan òbit Komet Halley.




- 51 Pandan Komet Halley ap deplase soti nan pozisyon A pou l rive nan perihelion, fòs gravitasyon ant komèt la ak Solèy la ogmante. Lè li retounen soti nan perihelion pou l tounen nan pozisyon A, fòs gravitasyon an diminye. [1]
- 52 Konpare ak planèt tèrès yo, dekri kijan mas ak dansite planèt Jovyen yo diferan. [1]
- 53 Sou dyagram ki nan *ti liv repons ou a*, distans ki make ant 0 mm ak 1 mm reprezante dyamèt ekwateryal Latè a, trase selon echèl. Sou menm dyagram sa a, kòmanse nan 0 mm, ou dwe fè lonbraj sou ba ki make “dyamèt Solèy la” pou reprezante dyamèt ekwateryal Solèy la selon menm echèl la. [1]

Sèvi ak dyagram blòk ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 54 rive nan 56. Dyagram nan reprezante yon rivyè ki gen koub natirèl ki ap koule pou l antre nan yon lak. Lèt A ak B montre kote sou bò rivyè a.



- 54 Eksplike poukisa pozisyon B, ki twouve l sou deyò koub yon koub gen pi gwo montan ewozyon pase pozisyon A. [1]
- 55 An tèm dimansyon sediman, dekri modèl depo ki fèt lè sediman ki transpòte yo antre nan lak la. [1]
- 56 Dekri kijan sediman ki transpòte nan rivyè a sibi degradasyon asyon epi vin awondi. [1]

Sèvi ak seksyon kwaze ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 57 rive 59. Sèksyon kwaze yo montre inite wòch ki make V, W, X, Y, and Z nan twa ti mòn ki nan yon rejyon. Nan Èta Nouyòk yo jwenn yon endis fosil nan yon sèl kouch wòch. Pa gen okenn ranvèsman kouch wòch ki fèt.




57 Detèmine sekans laj plizoumwèn kouch wòch V, W, X, Y, ak Z soti nan pi ansyen rive nan pi jèn. [1]

58 Explike kijan inite wòch W fòme. [1]

59 Dekri *yon* karakteristik fosil endis ki fè yo itil pou konekte kouch wòch yo. [1]

Sèvi ak kat topografik ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 60 rive 62. Kat la montre yon pati nan mòn Wòch Colorado ki nan rejyon lwès Etazini. Altitud yo mezire an pye.




60 Detèmine entèval kontou kat sa a. [1]

61 Direksyon jeneral rivyè a sou kat sa a. [1]

62 Eksplike kijan liy kontou sou kat la montre pant ant pwen C ak D pi apik pase pant ant pwen A ak B. [1]

Sèvi ak de kat yo ak seksyon kwaze ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 63 rive 65. Kat yo ak seksyon kwaze yo montre sikilasyon oseyanik ak atmosfèrik pandan kondisyon nòmal ak pandan fenomèn El Niño. Kouran oseyanik ak direksyon van alize yo make ak flèch sou kat la. Nwaj yo endike zòn kote aktivite loraj fèt souvan.



(Pa trase selon echèl)

63 Dekri chanjman nan fòs van alize yo pandan yon evènman El Niño. [1]

64 Konpare ak presyon lè jeneral sou Ostrali pandan kondisyon nòmal, presyon lè jeneral sou Ostrali pandan El Niño a diferan. [1]

65 Dekri sa k pase nan lè imid k ap monte ki lakòz nyaj fòme. [1]

Pati C

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (66–85): Ekri repons ou yo nan espas yo bay nan ti liv repons ou an. Gen kèk kesyon ki ka mande pou sèvi ak *Edisyon 2011 Tablo Referans yo pou Anviwònman Fizik/Syans Latè*.

Sèvi ak kat metewolojik ki nan *ti liv repons ou a* ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 66 rive 68. Kat metewolojik la montre kèk done estasyon meteyo nan Eta Nouyòk ak alantou l. Sant yon sistèm presyon ba (L) endike sou kat la, epi de fwontyè ki konekte ak li make kòm fwontyè A ak fwontyè B.


- 66 Sou kat la nan *ti liv repons ou a*, trase izotèm 20°F ak 40°F yo. Pwolonje izotèm yo jiska kwen kat la. [1]
- 67 Mas lè ki ant de fwontyè sa yo soti bò Tropik Kansè a, nan rejyon sid Florid. Ekri senbòl de lèt mas lè a pou reprezante mas lè sa a. [1]
- 68 Yo prevwa gwo nèj ak kondisyon tanpèt nèj pou Elmira, Nouyòk, pandan evènman metewolojik sa a. Dekri *de aksyon* pou prepare ijans ke moun ta dwe pran twa a sis èdtan anvan tanpèt la prevwa pou rive. [1]
-

Sèvi ak pasaj ak kat ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans Latè pou reponn kesyon 69 rive 72. Kat la montre non kèk konte nan sidès Eta Nouyòk ansanm ak pousantaj wòch ble yo k ap eksplwate kounye a nan chak konte.

Wòch ble nan Eta Nouyòk

Wòch ble se non yo bay yon kalite wòch sab ki soti nan epòk Devonyen, yo eksplate nan sidès Nouyòk. Menmsi yo rele li “Wòch ble,” koulè wòch la ka varye: li ka gen koulè vèt-gris, gri-wouj, oswa koulè mov pal. Menmsi koulè Wòch ble gen enpòtans, se konpozisyon mineral li ki fè wòch la ki gen valè. Olye Wòch ble se wòch sab ki fèt sèlman ak kwatz, li se yon wòch sab ki gen kwatz ak fèldspat ansanm. Melanj kristal wòch ak fèldspat sa a bay yon wòch ki lou, solid, epi ki dire lontan ki ideyal pou anpil itilizasyon tankou bò twotwa, sifas patyo, ak chemine. Yo te kòmanse eksplwate Wòch ble nan Konte Ulster plis pase 200 ane de sa, men jodi a gen lòt konte nan Nouyòk ki pwodui plis pousantaj wòch sa a ki gen anpil valè ak anpil itilizasyon.

Pousantaj nan total Wòch ble ki te ekstrè nan uit konte nan Eta Nouyòk.



69 Idantifye *de* pwosesis nan sik wòch la ki fòme Wòch ble apre depo sab la. [1]

70 Bay yon rezon ki fè koulè ble *pa* yon pwopriyete itil pou idantifye Wòch ble. [1]

71 Patikil kristal wòch ak fèldspat ki nan wòch ble gen yon dyamèt mwayèn ki apeprè 0.05 santimèt. Deklare vitès minimòm kouran dlo a ki nesèsè pou kenbe depasman patikil sa yo jiskaske yo depoze nan Eta Nouyòk . [1]

72 Non rejyon peyizaj Eta Nouyòk kote yo eksplwate plis wòch ble kounye a se rejyon Catskill Mountains. [1]

Sèvi tablo done ki pi ba a, griy ki sou fèy repons ou a ak konesans ou nan syantifik Latè pou reponn kesyon 73 rive 75. Tablo done a montre kantite iranyòm-238 ki radyoaktif ansanm ak pwodwi ki sòti nan dezentegrasyon Iranyòm-238 pandan senk demi-lavi.

Mwatye Lavi	Iranyòm-238 ki radyoaktif (%)	Pwodwi Dezentegrasyon Iranyòm-238 (%)
0	100	0
1	50	50
2	25	75
3	12.5	87.5
4	6.25	93.75
5	3.125	96.875

73 Sou griy nan *ti liv repons ou a*, konstwi yon grafik liy lè w ap trase pwodwi dezentegrasyon Iranyòm-238 pou chak demi-lavi ki endike. Konekte *tout sis* pwen yo ak yon liy. [1]

74 Dekri relasyon ki genyen ant kantite izotòp radyoaktif orijinal la ak kantite pwodwi dezentegrasyon an tank tan ap pase. [1]


75 Idantifye pwodwi dezentegrasyon izotòp radyoaktif sa a. [1]

Sèvi ak pasaj ak kat ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou reponn kesyon 76 rive 78. Kat jwografik la montre kote Dezè Sahara a, zòn Sahel la, ak pwojè Gran Mi Vèt la.

Gran Mi Vèt

Gran Mi Vèt la se yon gwo pwojè ki fèt pou konbat efè chanjman klimatik ak dezètifikasyon sòl (sa vle di tè a ap vin tankou dezè) nan Afrik dinò. Ide inisyal pwojè sa a se te plante yon liy pyebwa ki gen 10 mil lajè, ki reziste kondisyon sechrès, sou tout longè 4815 mil bò sid Dezè Sahara a, nan yon rejyon yo rele Sahel, pou anpeche dezè a “elaji” pi lwen nan direksyon sid. Pwojè sa a, ki koute 8 milya dola, gen pou objektif retabli 247 milyon ak tè ki an danje pou tounen dezè. Yon efè segondè pwojè sa a se pou retabli savann ki te detwi apre plizyè dizèn ane yo te itilize yo depase. Plizyè ane move teknik agrikilti ak sechrès ki koze pa chanjman klimatik te retire anpil nan vejetasyon ki sou sifas tè a. Van te pote ale tè sifas ki fètil, sa ki fè tè a vin gen mwens kapasite pou soutni rekòt ak lòt vejetasyon.

Disi 2030, yo espere pyebwa sa yo ki plante a kapab absòbe apeprè 250 tòn metrik gaz kabonik kòm pati nan pwosesis fotosentèz yo, sa ki ka diminye anpil efè gaz kabonik sou rechofman planèt la. Kantite sa a ekivalan ak tout machin nan Kalifòni rete estasyon pandan 3.5 ane. Pyebwa yo ap ede kenbe tè a an plas epi anpeche ewozyon tè sifas la. Fouye twou pwofon pou plante ak mete baryè wòch alantou chan agrikòl yo ap ede monte nivo tab dlo a lè lapli tonbe.




76 Sou seri aks ki nan *ti liv repons ou a*, trase yon liy pou reprezante relasyon ki genyen ant kantite pyebwa nan Gran Mi Vèt la ak kantite gaz kabonik yo absòbe. [1]

77 Jen, Jiyè, epi pafwa Out se sezon sechrès nan rejyon Sahel la. Dekri tanperati lè a ak imidite relatif ki gen plis chans lakòz kondisyon sechrès nan rejyon Sahel la. [1]

78 Apa evaporasyon, idantifye pwosesis ki fèt nan pyebwa kote vapè dlo soti nan fèy yo. [1]

Sèvi ak dyagram ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 79 rive nan 82. Dyagram nan montre Lalin nan nan uit pozisyon, A rive H, nan òbit li toutotou Latè.




79 Sou dyagram ki nan *ti liv repons ou a*, fè lonbraj sou pati Lalin nan ki nan fènwa, jan li parèt depi Eta Nouyòk, lè Lalin nan nan pozisyon B. [1]

80 Idantifye lèt pozisyon Lalin nan sou òbit li kote yon eklips lalin ka obsève depi sou Latè. [1]

81 Bay kantite jou Lalin nan bezwen pou li konplete yon sik faz. [1]

82 Eksplike kijan mouvman Lalin nan fè menm bò Lalin nan toujou ap fè fas ak Latè. [1]

Sèvi ak dyagram ki pi ba a ak konesans ou nan syans Latè pou w reponn kesyon 83 rive nan 85. Dyagram nan reprezante Latè jan li parèt depi nan espas jou 21 desanm.



83 Dekri relasyon ki genyen ant latitud nan emisfè nò a ak kantite èdtan limyè solèy la nan jou sa a. [1]

84 Dekri chanjman nan longè lonbraj yon obsèvatè lè yo mezire li nan mitan jounen solèy la sou Tropic Kansè a pandan 3 mwa kap vini yo. [1]

85 Idantifye sezon ki kòmanse sou Sèk Antaktik la jou sa a. [1]
